

Prepare Vizit ou lakay Doktè

Politik [Sekirite nou an nan kesyon Swen](#) an vigè nan tout sistèm sante nou an nan objektif pou bay pasyan yo, vizitè yo, ak manm pèsònèl yo plis sekirite.

Si w gen yon randevou nan biwo a ou te planifye, tanpri ale revize enfòmasyon ki anba la konsènan politik sou mask ak vizitè nou an, ansanm ak enfòmasyon a kisa pou atann ou epi kisa pou w fè avan ak nan jou randevou lan.

Randevou ou pa bezwen pran yo gen ladan yo swen primè, pedyatri oswa wè espesyalis, swen ijans, terapi fizik, ak lòt pwofesyonèl swen sante k ap resevwa pasyan nan on klinik. Li gen ladan li prelevman san tou, fè yon radyografi (tankou yon Radyografi, Eskanè CT, MRI) oswa resevwa yon vaksen kont COVID-19 ki te planifye.

Politik sou Mask

Nan kad angajman nou sou kesyon sekiite sanitè, ou dwe mete yon mask lè w andedan etablisman medikal nou yo. Si ou sot lakay ou ak yon mask, nou ap mande ou ranplase l ak mask nou ba ou an.

[Li politik sou mas lan](#)

Politik pou Vizitè yo

Se yon sèl vizitè ki gen dwa. Tanpri note nan kèk sitiyasyon, nou ka limite vizitè yo pou asire sekiite pasyan ak manm pèsònèl la.

[Li politik sou vizitè](#)

Tès Depistaj COVID-19

Nou fè tès lan se pou pwoteje w, fanmi ou, ak manm pèsònèl nou an. Pou w rantre nan etablisman nou yo, yo fè tès pou pasyan yo ansanm ak reprezantan ki apwouve yo pou gade si yo pa gen okenn sentòm ki gen rapò ak COVID-19 plizyè fwa avan ak pandan randevou ou an.

[Li konsènan pwosesis tès lan](#)

Avan randevou ou an

Swivi pou randevou

Si w te planifye yon randevou ki gen pou rive, ou kapab resevwa yon apèl nan elefò ou, mesaj tèks, epi/oswa resevwa yon mesaj apati pòtay pou pasyan nou an, Pòtay pou Pasyan Massachusetts General Brigham, twa oswa kat jou avan randevou ou an ou w ka konfime.

[Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pòtay pou Pasyan an](#)

Si w poko anrejistre, ou kapab [enskri nan Pòtay pou Pasyan an](#).

Politik pou Vizitè yo

Nou okouran nan ki nivo vizitè ak reprezantan yo enpòtan pou sante w ak byennèt ou. Se yon sèl vizitè oswa reprezantan yo bay otorizasyon nan espas swen medikal anbilatwa yo. Tanpri note nan kèk sitiyasyon, nou ka limite vizitè yo pou asire sekiite pasyan ak manm pèsònèl la.

[Li politik sou vizitè a.](#)

Anrejistreman elektwonik

Ou kapab ekonomize plis tan nan jou vizit ou an pandan w ap modifye enfòmasyon enpòtan yo gras ak anrejistreman elektwonik pratik Pòtay pou Pasyan an. Ou kapab revize enfòmasyon sou asirans ou an, ranpli fòm ki gen rapò ak vizit ou an, epi peye kopeman ou yo anliy. Tanpri ranpli anrejistreman elektwonik ou an twa avan randevou ou an rive.

[Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pòtay pou Pasyan an ak anrejistreman elektwonik lan](#)

Si w poko anrejistre, ou kapab [enskri nan Pòtay pou Pasyan an](#).

Tès Depistaj COVID-19

Nan kad [Angajman nou sou kesyon Swen Sekirite](#), yo pral fè tès COVID-19 pou ou plizyè fwa, tankou de oswa twa jou avan randevou ou an. Sa kapab rive yo mande pou ranpli yon fòm anliy nan anrejistreman elektwonik Pòtay pou Pasyan an oswa biwo doktè a kapab rele ou dirèk.

Si w gen yon vizitè oswa yon reprezantan ak ou, yo pral mande pou li fè tès COVID-19 an tou.

[Li konsènan pwosesis tès lan](#)

Jou randevou an

Tès Depistaj COVID-19

Nan kad [Angajman nou sou kesyon Swen Sekirite](#), yo pral fè tès COVID-19 pou ou plizyè fwa, tankou nan menm jou ou gen randevou ou an. Sa a kapab fèt anliy atravè [Massachussts General Brigham zouti tès preliminè](#), nan telefòn, oswa an pèsòn lè w rive.

Si w gen yon vizitè oswa yon reprezantan ak ou, yo pral mande pou li fè tès COVID-19 an tou.

[Li konsènan pwosesis tès lan](#)

Politik sou Mask

Lè w rive nan yon etablisman medikal Massachussts General Brigham lan, nou pral ba ou yon lòt mask pwoteksyon oswa medikal pou w ka mete. Si ou sot lakay ou ak yon mask, nou ap

mande ou ranplase li ak mask nou ba ou an. Mask sa a nou ba ou an ou dwe kite li nan figi ou pandan tout moman randevou an nan kad anagajman nou sou kesyon sekirite nou an. Nou apresye kolaborasyon ou.

[Li politik sou mas lan](#)

Nan jou randevou an, tanpri avèti resepsyonis lan lè w rive, menm lè w te gentan fin fè tout etap anrejistreman elektwonik yo.

Mizajou 15 jen 2021

Ou kapab enterese tou nan

[Vizit Vityèl](#)

Èske w te konnen gen anpil vizit medikal ki kapab fè nan telefòn oswa nan konferans videyo? Petèt biwo doktè ou an kapab bay kalite vizit sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan swen anliy

[Pòtay pou Pasyan yo](#)

Pòtay pou Pasyan an ba ou posibilite pou w jere sante ou pou kont ou. Renouvle preskripsyon yo, pran yon randevou, epi gen aksè ak enfòmasyon sou sante ou jan pi pito. Vizite Pòtay pou Pasyan yo

[COVID-19](#)

Pou jwenn enfòmasyon ak resous konsènan COVID-19 lan, tankou tès ak vaksen. Pou konnen plis konsènan COVID-19 lan